

# Opsyon Kouvèti Asirans Sante pou Imigran yo

Ti liv sa a bay enfòmasyon ak konsèy Navigatè yo ak Konseye aplikasyon sètifye yo (nou rele yo asistan tou) bezwen konnen pou yo ede imigran yo konprann opsyon Kouvèti Asirans Sante yo.

Apèsi.....	2
Kondisyon kalifikasyon Marketplace.....	2
Kondisyon kalifikasyon pou jwenn èd finansye Marketplace.....	3
Moun k ap viv nan menm kay ki gen Estati imigrasyon melanje.....	3
Aplike pou kouvèti asirans Marketplace.....	3
Sètifye epi verifiye estati imigrasyon.....	3
Aplike pou kouvèti asirans sou non manm fanmi an.....	4
Pwoblèm done ki pa Koresponn yo.....	5
Kondisyon kalifikasyon Medicaid ak Pwogram CHIP.....	5
Kouvèti asirans Medicaid ak CHIP pou timoun ak fanm ansent k ap viv legalman nan peyi a.....	8
Kouvèti asirans pou ijans Medicaid.....	9
Kalifikasyon pou Medicare.....	9
Lèt Opsyon Kouvèti asirans.....	10
Egzijans ak pi bon pratik pou diskite sou estati Imigrasyon Konsomatè yo.....	10
Konsèy pou Ede Imigran yo pandan Pwosesis Enskripsyon an.....	11
Konsèy pou Jere defi Kalifikasyon ak Enskripsyon.....	12
Senaryo sou Kalifikasyon Konsomatè Imigran.....	14
Lèt Resous.....	15

Jiyè 2022. Enfòmasyon sa yo fèt sèlman pou itilizasyon antite ak moun ki sètifye pou sèvi kòm Navigatè oswa Konseye Aplikasyon Sètifye sou yon Marketplace gouvènman Federal la fasilite. Tèm "Marketplace gouvènman Federal la fasilite (Federally-facilitated Marketplace)" ak "FFM", lè yo itilize yo nan dokiman sa a, tankou FFM kote eta a ranpli fonksyon jesyon plan. Epiou, gen kèk enfòmasyon nan manyèl sa a ki ka enterese moun k ap ede konsomatè yo nan Marketplace Eta yo ak Marketplace Eta yo k ap itilize Platfòm Federal la. Dokiman sa a fèt sèlman pou rezime egzijans lalwa bay yo epi li bay enfòmasyon operasyonèl epi li pa kreye okenn dwa oswa obligasyon legal poukont li. Yo endike tout egzijans lalwa bay yo konplètman nan lwa ak règleman ki aplikab yo. Sa ki nan dokiman sa a pa gen fòs ak efè lalwa epi li pa la pou li angaje piblik la nan okenn fason, sof si espesyalman li enkòpore nan yon kontra. Dokiman sa a gen entansyon sèlman klarifye piblik la konsènan egzijans ki egziste dapre lalwa. Yo te enprime, pibliye, oswa pwodui ak distribye dokiman sa a nan depans kontribyab ameriken yo.

## Apèsi

Anpil imigran kalifye pou kouvèti asirans sante atravè the Health Insurance Marketplace<sup>®</sup> oswa atravè Medicaid oswa Pwogram Asirans Sante pou Timoun yo (the Children's Health Insurance Program, CHIP), toudepan de estati imigrasyon yo ak lòt kritè kalifikasyon ki dekri nan 45 CFR § 152.2. ak 42 CFR §§ 435.4, 435.406 (Medicaid) ak 457.320 (CHIP). Asistan k ap ede aplikan imigran yo enskri nan kouvèti asirans sante yo dwe konnen règleman federal ak eta ki afekte kalifikasyon konsomatè sa yo pou opsyon kouvèti asirans ak swen sante diferan. Epiyou, asistan yo dwe ede konsomatè imigran yo evalye opsyon kouvèti asirans swen sante yo pandan y ap bay yo èd ki apwopriye sou plan kiltirèl ak lengwistik.

## Kondisyon kalifikasyon Marketplace

Imigran k ap viv legalman nan peyi a, ki respekte lòt kondisyon kalifikasyon debaz Marketplace ka kalifye pou kouvèti asirans atravè Marketplace. Tablo ki anba la a bay yon lis kèk estati imigran k ap viv legalman nan peyi a ki kalifye pou enskri nan kouvèti asirans Marketplace. Pou jwenn yon lis konplè estati ki kalifye yo, ale sou [HealthCare.gov/immigrants/immigration-status](https://www.healthcare.gov/immigrants/immigration-status).

Estati Imigran k ap viv legalman nan peyi a ki kalifye pou Marketplace	
<ul style="list-style-type: none"><li>• Rezidan Pèmanan Legal (Lawful Permanent Resident, LPR / Moun ki gen rezidans)</li><li>• Moun ki mande Azil</li><li>• Refijye</li><li>• Kiben/Ayisyen k ap antre yo</li><li>• Etranje ki vin Etazini sou libète kondisyonèl.</li><li>• Antre kondisyonèl imigrasyon akòde anvan 1980</li><li>• Mari/Madanm, pitit ak paran yo bat</li><li>• Viktim trafik moun ak mari /madanm, pitit, frè/sè, oswa paran yo</li><li>• Moun ki pa sitwayen ameriken ki benefisye sispansyon depòtasyon oswa sispansyon pwosesis pou kite peyi a dapre lwa imigrasyon yo oswa dapre Konvansyon kont tòti (Convention Against Torture, CAT)</li><li>• Manm yon tribi Endyen gouvènman federal la rekonèt oswa yon Amerendyen ki fèt nan peyi Canada.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Moun ki gen estati non-imigran, tankou viza travayè (pa egzanp, H1, H-2A, H-2B), viza etidyan, U-viza (U-Visa) T-viza (Visa-T), ak lòt viza; ak sitwayen Eta Federasyon Mikwonezi, Zile Marshall, ak Repiblik Palau ki abite legalman Ozetazini.</li><li>• Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS)</li><li>• Depa fòse difere (Deferred Enforced Departure, DED)</li><li>• Estati aksyon difere (eksepte Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA*)</li><li>• (Rezidan Pèmanan Legal) Lawful Permanent Resident</li></ul>

**\*Remak:** Moun otorite yo pa apwouve estati imigrasyon yo ak moun ki benefisye estati Aksyon Difere pou Timoun ki Rive yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA) pa kalifye pou

enskri nan kouvèti asirans atravè Marketplace, menm ak tout pri a, byenke gen posiblite pou yo ka achte kouvèti asirans lan deyò Marketplace.

## **Kondisyon kalifikasyon pou jwenn èd finansye Marketplace**

Gen posiblite pou imigran k ap viv legalman nan peyi a kalifye pou peman davans pou kredi taks prim (Advance Payments of the Premium Tax Credit, APTC) ak rediksyon sou depans ki pataje yo (Cost-Sharing Reductions, CSRs) pou ede yo diminye depans dapre kantite moun ki nan kay la, revni, ak lòt kritè kalifikasyon yo.

Pifò konsomatè yo dwe genyen yon revni anyèl pou kay la ant 100 pousan ak 400 pousan nivo povrete federal la ( the Federal Poverty Level, FPL) pou yo kapab kalifye pou èd finansye. Epoutan, imigran k ap viv legalman nan peyi a pa kalifye pou Medicaid paske estati imigrasyon yo ka kalifye pou èd finansye menm si revni yo pi ba pase 100 pousan FPL la.

*Remak:* Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 (ARP; P.L. 117-2) mete kredi taks prim lan (premium tax credit, PTC) disponib pou konsomatè revni lakay yo pi wo pase 400 pousan FPL la epi li limite konbyen nan revni lakay yo fanmi an pral peye pou prim plan referans anvan kredi taks prim lan vin disponib a 8.5 pousan pou ane plan 2021 ak 2022.

## **Moun k ap viv nan menm kay ki gen Estati imigrasyon melanje**

Gen kèk konsomatè k ap viv nan kay kote estati imigrasyon moun yo melanje, se yon kay ki gen ladan moun ki gen sitwayènte oswa estati imigrasyon diferan Nan sitiasyon sa a, chak manm nan kay la ka kalifye pou opsyon kouvèti asirans sante diferan selon sitwayènte oswa estati imigrasyon yo.

## **Aplike pou kouvèti asirans Marketplace**

### **Sètifye epi verifye estati imigrasyon**

Marketplace kolekte enfòmasyon sou sitwayènte ak imigrasyon sèlman pou aplikan yo ak/oswa moun lakay yo ki aplike pou kouvèti asirans pou li detèmine si konsomatè yo kalifye pou opsyon kouvèti asirans sante yo. Konsomatè ki sètifye yo gen yon estati imigrasyon kalifye dwe bay kalite dokiman imigrasyon ak nimewo dokiman yo genyen ki disponib yo. Tablo sa a bay lis dokiman nou aksèpte pou verifye estati imigrasyon. Pou jwenn yon lis konplè, ale sou [HealthCare.gov/immigrants/documentation](https://www.healthcare.gov/immigrants/documentation).

### Dokiman nou aksèpte pou verifye estati imigrasyon.

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kat Rezidans Pèmanan (Green Card/I-551)</li> <li>• Pèmi pou re-antrè Ozetazini (I-327)</li> <li>• Dokiman Vwayaj pou Refijye (I-571)</li> <li>• Dokiman otorizasyon travay (I-766)</li> <li>• Viza Imigran ki Lizib ak yon Aparèy (avèk langaj I-551 tanporè)</li> <li>• So I-551 Tanporè (sou paspò oswa I-94/I-94A)</li> <li>• Dosye Antre/Depa (I-94/I-94A)</li> <li>• Dosye Antre/Depa nan yon paspò etranje (I-94)</li> <li>• Paspò peyi etranje</li> <li>• Sètifika Kalifikasyon pou Estati Etidyan non-imigran (I-20)</li> <li>• Avi Entèvansyon (I-797)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Sètifika kalifikasyon pou estati vizitè anechanj (DS-2019)</li> <li>• Dokiman ki endike ou se manm yon tribi Endyen gouvènman federal la rekonèt oswa yon Amerendyen ki fèt nan peyi Canada</li> <li>• Sètifika Depatman Sante ak Sèvis Imen (the Department of Health and Human Services, HHS) Biwo Reyentegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement, ORR)</li> <li>• Dokiman ki endike yo kanpe sou desizyon otorite yo te pran pou fè w kite peyi a.</li> <li>• Lèt kalifikasyon Biwo Reyentegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement, ORR) (si w poko gen 18 ane)</li> <li>• Kat Rezidans zile Samoa Ameriken</li> <li>• Nimewo etranje (yo rele tou nimewo anrejistreman etranje oswa nimewo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon peyi Etazini [United States Citizenship and Immigration Services, USCIS] oswa nimewo I-94</li> </ul>
---	---

Marketplace verifye estati sitwayènte ak imigrasyon dapre enfòmasyon ak dokiman konsomatè a bay atravè Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) ak/oswa Pwogram Verifikasyon Sistematik Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements, SAVE) Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security, DHS); n ap itilize enfòmasyon sa a sèlman pou detèmine kalifikasyon konsomatè yo epi nou p ap itilize yo pou nou fè okenn moun respekte lwa imigrasyon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, al gade memorandòm Immigration Customs and Enforcement, ICE nan [ice.gov/doclib/ero-outreach/pdf/ice-aca-memo.pdf](https://ice.gov/doclib/ero-outreach/pdf/ice-aca-memo.pdf).

Konsomatè ki pa sètifye yo se sitwayen ameriken oswa ki gen yon estati imigrasyon kalifye p ap kapab jwenn kouvèti asirans sante atravè Marketplace la men yo ka toujou ranpli yon aplikasyon Marketplace pou yo konnen si yo ka kalifye pou yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal ijan anba Medicaid, tankou doulè ak akouchman, si yo respekte lòt kritè kalifikasyon yo pou Medicaid nan eta yo.

### Aplike pou kouvèti asirans sou non manm fanmi an

Li posib pou konsomatè yo aplike pou kouvèti asirans atravè Marketplace, Medicaid, oswa CHIP sou non manm fanmi yo menm si yo menm yo pa kalifye pou kouvèti asirans epi kèlkeswa estati kalifikasyon yo. Pa egzanp, paran sitwayen ameriken, yo pa apwouve estati imigrasyon yo kapab aplike pou kouvèti asirans kòm moun k ap ranpli aplikasyon an nan non pitit li. Nan ka sa a, moun k ap ranpli aplikasyon an sètifye manm fanmi k ap aplike pou kouvèti asirans lan se

yon sitwayen ameriken oswa li gen yon estati imigrasyon ki kalifye. Marketplace Federal ak Marketplace Eta a ak ajans Medicaid ak CHIP eta a pa kapab mande aplikan yo pou bay enfòmasyon sou estati sitwayènte oswa imigrasyon nenpòt fanmi oswa moun lakay yo ki pa aplike pou kouvèti asirans. Eta a tou pa kapab refize bay yon aplikan avantaj poutèt yon fanmi oswa yon moun lakay li ki pa aplike, ki pa deklare sitwayènte oswa estati imigrasyon li. Si moun k ap ranpli aplikasyon an bezwen èd nan pwosesis verifikasyon idantite a, li ka rele Sant Apèl Marketplace la nan 1-800-318-2596 (TTY: 1-855-889-4325).

## **Pwoblèm done ki pa Koresponn yo**

Pwoblèm done ki pa Koresponn yo (Data matching issues, DMI), oswa "enkonsistans," rive lè enfòmasyon konsomatè mete nan aplikasyon Marketplace yo pa koresponn ak done Marketplace la genyen ki soti nan sous done fyab yo, tankou dosye Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) oswa baz done Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS). Kalite DMI ki pi komen yo gen rapò ak enfòmasyon sou revni, sitwayènte ak imigrasyon. Si yon konsomatè gen yon DMI, avi konsomatè a pral mansyone "Kalifikasyon ou tanporè" epi li pral bay yon delè pou konsomatè yo soumèt dokiman pou konfime enfòmasyon an. Konsomatè yo kapab detèmine tou si yo gen yon pwoblèm DMI ki ponkò rezoud lè y ap revize seksyon "Detay sou Aplikasyon an" nan kont Marketplace yo a pou yo jwenn yon lis tout pwoblèm enkonsistans ki ponkò rezoud yo. Konsomatè yo ki gen pwoblèm DMI sitwayènte/imigrasyon gen 95 jou apati dat ki nan avi kalifikasyon an pou yo rezoud pwoblèm lan. Si konsomatè yo pa rezoud pwoblèm DMI sitwayènte oswa imigrasyon yo, yo ka pèdi kalifikasyon yo pou kouvèti asirans atravè Marketplace. Pou jwenn plis enfòmasyon sou DMI, ale sou [HealthCare.gov/help/how-do-i-resolve-an-inconsistency](https://www.healthcare.gov/help/how-do-i-resolve-an-inconsistency) epi ale nan [SOP 4 - Verifye Idantite epi Rezoud gwo Pwoblèm Done ki pa koresponn yo](#).

## **Kondisyon kalifikasyon Medicaid ak Pwogram CHIP**

Imigran "ki pa sitwayen ameriken, ki kalifye" dapre 8 USC § 1641, 42 CFR § 435.4 (Medicaid), ak 42 CFR § 457.320 (CHIP) ka kalifye pou kouvèti asirans atravè Medicaid ak pwogram CHIP si yo respekte tout lòt kritè kalifikasyon nan eta a (tankou kondisyon revni ak rezidans eta a). Anpil moun ki pa sitwayen ameriken kalifye gen yon peryòd datant senk (5) ane pou yo jwenn kouvèti asirans Medicaid ak CHIP (yo rele tou "ba senk (5) ane"). Peryòd datant senk (5) ane sa a kòmanse lè konsomatè yo resevwa estati imigrasyon kalifye yo, se pa lè yo premye antre Ozetazini. Kèk gwoup moun ki pa sitwayen ameriken pa oblije rete tann senk (5) ane, tankou refijye, moun ki fè demand azil, ak Rezidan Pèmanan Legal ki te konn refijye oswa ki te fè demand azil, dapre 8 USC § 1613. Tablo ki anba a bay yon lis estati moun ki pa sitwayen ameriken kalifye ki elijib pou Medicaid jan yo dekri sa dapre 8 USC §§ 1612(b) ak 1613 ak CHIP anba 8 USC § 1613. Pou jwenn yon lis konplè estati ki kalifye yo, ale sou [HealthCare.gov/immigrants/immigration-status](https://www.healthcare.gov/immigrants/immigration-status).

### Estati Imigran ki pa Sitwayen ameriken kalifye, elijib pou Medicaid ak CHIP

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rezidan Pèmanan Legal (Lawful Permanent Resident, LPR / Moun ki gen rezidans</li> <li>• Moun ki mande Azil</li> <li>• Refijye</li> <li>• Kiben/Ayisyen k ap antre yo.</li> <li>• Etranje ki vin Etazini sou libète kondisyonèl pou omwen yon (1) ane.</li> <li>• Antre kondisyonèl imigrasyon akòde anvan 1980</li> <li>• Moun ki pa sitwayen ameriken, mari/madanm, timoun oswa paran yo bat.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Viktim trafik moun ak mari /madanm yo, pitit, frè/sè, oswa paran yo oswa moun ki gen aplikasyon viza viktim trafik annatant.</li> <li>• Otorite yo akòde sispansyon depòtasyon</li> <li>• Manm yon tribi Endyen gouvènman federal la rekonèt oswa yon Amerendyen ki fèt nan peyi Canada.</li> <li>• Sitwayen Eta Federasyon Mikwonezi, Zile Marshall, ak Repiblik Palau k ap viv legalman Ozetazini (yo rele tou migran COFA [the Compact of Free Association, COFA]) —Medicaid sèlman</li> </ul>
--	--

**\*Remak:** Apati 27 desanm 2020, migran Kontra Asosyasyon Lib (the Compact of Free Association, COFA) yo ka kalifye pou Medicaid si yo respekte tout kritè kalifikasyon nan eta yo. Anjeneral, migran COFA yo se sitwayen Zile Marshall, Eta Federasyon Mikwonezi, ak Repiblik Palau k ap viv legalman nan youn nan eta peyi etazini yo oswa sou teritwa a. Yo konsidere migran COFA yo kòm moun ki pa sitwayen ameriken kalifye pou rezon kalifikasyon Medicaid epi yo pa oblije tann senk (5) ane apre yo fin resevwa estati yo anvan yo kalifye pou kouvèti asirans Medicaid, si otreman yo kalifye. Chanjman règleman sa a pa aplike pou kouvèti asirans atravè pwogram CHIP separe yo. Epoutan, eta ki chwazi pou bay kouvèti asirans pou timoun ak/oswa fanm ansent k ap viv legalman, ki nan pwogram CHIP dapre Seksyon 214 Lwa konsènan Re-otorizasyon Asirans Sante pou Timoun 2009 (CHIPRA; P.L. 111-3), sa yo rele CHIPRA opsyon 214, ka kouvri migran COFA yo anba opsyon sa a.

Estati ki kalifye pou Medicaid/CHIP (Si yo respekte ba senk (5) ane a) <sup>ii</sup>	Estati ki kalifye pou Medicaid/CHIP (Si yo respekte ba senk (5) ane a) <sup>iii</sup>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rezidan Pèmanan Legal (Lawful Permanent Resident, LPR / Moun ki gen rezidans)</li> <li>• Etranje ki vin Etazini sou libète kondisyonèl pou yon (1) ane oswa plis</li> <li>• Mari/Madanm, pitit ak paran yo bat</li> <li>• Aplikan pou viktim trafik yo</li> <li>• Antre kondisyonèl (imigrasyon akòde anvan 1980)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Refijye</li> <li>• Moun ki mande Azil</li> <li>• Kiben/Ayisyen k ap antre yo.</li> <li>• Otorite yo akòde sispansyon depòtasyon</li> <li>• Sivivan Trafik ak mari /madanm yo, timoun yo, frè/sè, oswa paran yo</li> <li>• Manm yon tribi Endyen gouvènman federal la rekonèt oswa yon Amerendyen ki fèt nan peyi Canada.</li> <li>• Imigran Ameriken-Azyatik yo</li> <li>• Imigran espesyal irakyan ak Afgan ak libète kondisyonèl (kalifye pou pi ta 1ye mas 2023, oswa nan fen peryòd libète kondisyonèl la)<sup>iv</sup></li> <li>• Migran COFA yo (sèlman atravè opsyon CHIPRA 214 pou pwogram CHIP separe)</li> <li>• Rezidan Pèmanan Legal (LPR / Moun ki gen rezidans) ki ajiste nan yon estati ki egzante ba senk (5) ane a</li> <li>• Veteran oswa pèsonèl militè aktif ak mari/madanm yo oswa moun ki pa marye, ki gen responsablite, ki gen tou estati "moun ki pa sitwayen ameriken, ki kalifye"</li> </ul>

Si moun ki pa sitwayen ameriken yo pa kalifye pou Medicaid, swa paske y ap viv nan peyi a legalman men yo pa gen estati imigrasyon "moun ki pa sitwayen ameriken kalifye" oswa yo se "moun ki pa sitwayen ameriken kalifye" men yo pa respekte peryòd datant senk (5) ane a, Konsomatè ki pa sitwayen ameriken yo ka kalifye pou yo jwenn èd finansyèl atravè Marketplace la, otreman, si yo respekte kondisyon kalifikasyon Marketplace yo. Konsomatè k ap resevwa konpansasyon pou chomaj an 2021 yo ki gen revni ki pi ba pase 100 pousan FPL la epi, otreman, ki pa kalifye pou Medicaid ka kalifye pou APTC ak CSR an 2021.

Konsomatè yo ka kontakte ajans Medicaid eta yo pou yo jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou Medicaid ak CHIP. Gen yon lis kontak pou chak eta ki disponib nan [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu).

## Kouvèti asirans Medicaid ak CHIP pou timoun ak fanm ansent k ap viv legalman nan peyi a

Dapre opsyon CHIPRA 214 la, eta yo gen opsyon pou bay kouvèti asirans pou fanm ansent k ap viv legalman nan peyi a nan Medicaid ak CHIP ak/oswa pou timoun jiska laj 19 ane pou CHIP oswa jiska laj 21 ane pou Medicaid, otreman, ki ta kalifye pou kouvèti asirans atravè pwogram sa yo, malgre yo pa gen estati imigrasyon ki kalifye oswa, otreman, yo ta mete yo nan peryòd datant senk (5) ane a. Yon timoun oswa yon fanm ansent "k ap viv legalman nan peyi a" si yo "ki nan peyi a legalman" epi, otreman, ki kalifye pou Medicaid oswa CHIP nan eta a. Tablo ki anba la a bay yon lis kèk estati imigran ki nan peyi a legalman. Pou jwenn yon lis konplè, ale sou [HealthCare.gov/immigrants/documentation](https://www.healthcare.gov/immigrants/documentation).

Estati imigran k ap viv legalman nan peyi a.	
<ul style="list-style-type: none"><li>• Estati imigrasyon ki pa sitwayen ameriken kalifye nan yon peryòd datant [detantè LPR/ kat rezidans, libète kondisyonèl pou antre Ozetazini pou yon ane oswa plis, mari/madanm oswa paran yo bat ki sou yon petisyon ki annatant oswa HHS apwouve, aplikan pou Viktim Trafik, antre kondisyonèl. (akòde anvan paran yo an 1980)]</li><li>• Estati oswa sikonstans imanitè tankou estati pwoteksyon tanporè, estati espesyal jivenil, aplikan azil, Konvansyon kont tòti, viktim trafik)</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Viza valid pou moun ki pa imigran</li><li>• Estati ki legal dapre lòt lwa (estati rezidan tanporè, Lwa Imigrasyon Legal Ekite Fanmi [Legal Immigration Family Equity, LIFE], moun ki gen Inite Fanmi)</li></ul>

Trant-senk eta, Distri Columbia, Zile Samoa Ameriken, Zile Vyèj Ameriken yo, ak Commonwealth Zile Mariana Nò yo (the Commonwealth of the Northern Mariana Islands, CNMI) chwazi bay kouvèti asirans Medicaid pou timoun k ap viv legalman nan peyi a ak/oswa fanm ansent, otreman, tankou moun sa yo, yo ta mete sou yon peryòd datant senk (5) ane dapre opsyon CHIPRA 214 la. Venntwit nan eta sa yo bay kouvèti asirans tou timoun k ap vivi legalman nan peyi a ak/oswa fanm ansent ki nan yon pwogram CHIP separe. Yon lis eta ki bay kote opsyon sa a disponib nan [Medicaid.gov/medicaid/enrollment-strategies/medicaid-and-chip-coverage-lawfully-residing-children-pregnant-women](https://www.medicaid.gov/medicaid/enrollment-strategies/medicaid-and-chip-coverage-lawfully-residing-children-pregnant-women).

Dapre ARP, kap kòmanse nan mwa avril 2022, eta yo gen opsyon, pou senk (5) ane, pou pwolonje kondisyon kalifikasyon Medicaid ak CHIP ki gen rapò ak gwosès jiska 12 mwa. Sa vle di fanm ansent ki kalifye ki enskri nan Medicaid oswa CHIP ki gen rapò ak gwosès yo ka kapab kontinye ak kouvèti asirans sa a jiska 12 mwa apre akouchman.<sup>v</sup>



## **Kouvèti asirans pou ijans Medicaid**

Medicaid bay peman pou tretman pwoblèm medikal ijan yo si konsomatè yo respekte tout kritè kalifikasyon Medicaid yo nan eta a (tankou revni ak rezidans eta a), kèlkeswa estati imigrasyon.<sup>vi</sup>

## **Kalifikasyon pou Medicare.**

Sitwayen Ameriken ak imigran ki kalifye k ap viv nan peyi a legalman ki 65 ane oswa plis, epi ki gen omwen 40 trimès kouvèti asirans lan (10 ane pou pifò moun), yo jwenn lè yo peye taks sou salè pandan ane travay konsomatè yo, ka jwenn Pati A Medicare san prim. Gen kèk konsomatè ki ka itilize istwa travay mari/madanm yo tou pou yo kalifye pou Pati A Medicare san prim dapre 42 USC § 1395 ak 8 USC § 1611(b)(3), respektivman.

Konsomatè ki respekte kondisyon sa yo men ki pa gen ase trimès nan kouvèti asirans pou yo gen dwa nan pati A san prim lan ka chwazi enskri nan Pati B kouvèti asirans Medicare a (ki gen ladan tou yon kondisyon rezidans senk (5) ane pou etranje ki gen papyè legal kòm rezidan pèmanan) epi lè konsa, y ap achte Pati kouvèti asirans Medicare, jan sa dekri nan 42 CFR § 406.20 ak seksyon 1836 ak 1818 Lwa Sekirite Sosyal Tit XVIII. Poutèt konsomatè yo gen kalite kouvèti asirans Medicare sa a, y ap peye prim pou pati A a chak mwa, yo rele li prim Medicare Pati A (42 CFR § 406.20 jiska 42 CFR § 406.38). Si konsomatè yo pa achte prim Pati A ak B lè yo vin kalifye premye fwa a, yo ka oblije peye penalite pou enskripsyon an reta si yo chwazi enskri pita dapre 42 CFR § 408.20 jiska 408.27.

Konsomatè yo ka kalifye pou yo jwenn èd nan men eta a pou peye prim Medicare yo atravè Pwogram epay Medicare (Medicare Savings Programs, MSPs) Konsomatè yo dwe kalifye pou pati A Medicare a epi yo dwe respekte limit espesifik revni ak resous pou yo kalifye. Nan kèk ka, MSP yo ka peye tou franchiz Medicare Pati A ak Medicare Pati B, ko-asirans, ak kopeman si konsomatè yo respekte kèk kondisyon. Konsomatè ki enskri nan kouvèti asirans Pati A san prim ak Kouvèti asirans Medicare Pati B gen dwa tou pou yo jwenn èd siplemantè (Medicare Pati D) dapre 42 CFR § 423. Èd Siplemantè (Pati D) se yon pwogram pou ede konsomatè ki gen revni ak resous limite peye depans pwogram preskripsyon medikaman sou Medicare, tankou prim, franchiz, ak ko-asirans. Si konsomatè yo pa achte prim Pati D lè yo vin kalifye premye fwa a, yo ka oblije peye penalite pou enskripsyon an reta si yo chwazi enskri pita dapre 42 CFR § 423.46. Gen plis enfòmasyon konsènan Pati Medicare yo ak avantaj yo disponib nan [Medicare.gov/basics/get-started-with-medicare](https://www.medicare.gov/basics/get-started-with-medicare).

## Lòt Opsyon Kouvèti asirans

Konsomatè k ap viv legalman nan peyi a ka kalifye pou:

- Èd medikal ijans (Emergency Medicaid) pou tretman pwoblèm medikal ijans, tankou doulè ak akouchman.
- Kouvèti asirans prenatal, doulè ak akouchman, ak swen apre akouchman (tou depandè eta moun lan) pou fanm ansent atravè opsyon CHIP pou timoun ki poko fèt nan eta ki chwazi opsyon sa a.
- Kouvèti asirans prive yo ofri deyò Marketplace la ak tout pri a.
- Opsyon swen sante gratis oswa nan pri ki ba, tankou sant sante kominotè (community health centers, CHCs) ak sant sante migran (Migrant Health Centers, MHCs). CHC ak MHC ofri premye swen konplè kèlkeswa kapasite yon moun genyen pou peye oswa estati imigrasyon. Epoutan, MHC yo sèvi sèlman migran, travayè agrikòl sezonye yo ak fanmi yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt opsyon kouvèti asirans yo, al gade nan Opsyon Kouvèti asirans Sante pou moun ki ponkò gen asirans nan [Marketplace.cms.gov/technical-assistance-resources/health-coverage-options-for-uninsured.pdf](https://www.marketplace.cms.gov/technical-assistance-resources/health-coverage-options-for-uninsured.pdf).

## Egzijans ak pi bon pratik pou diskite sou estati Imigrasyon Konsomatè yo

Estati imigrasyon yon konsomatè ka yon sijè sansib. Fè atansyon ak sa a nan moman konvèsasyon ou ak konsomatè yo.

Anba a gen kèk egzijans lalwa bay ansanm ak pi bon pratik ki rekòmande pou asistan yo lè y ap diskite sou estati imigrasyon konsomatè yo.

- **Lalwa mande**, pou navigatè yo, dapre 45 CFR § 155.205(c) bay entèpretasyon oral gratis ak èd pou tradiksyon alekri gratis atravè moun ki kalifye pou konsomatè ki gen Konpetans limite nan Anglè (Limited English Proficiency, LEP). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [Sèvi Konsomatè ki gen konpetans limite nan Anglè](#).
- Asistan yo dwe asire konsomatè yo konnen dokiman sou sitwayènte ak estati imigrasyon an nesèsè sèlman pou moun ki aplike pou kouvèti asirans, li pa pou lòt moun yo nan kay la.

- Asistan yo dwe bay enfòmasyon konsènan estati imigrasyon ki kalifye yo ak dokiman imigrasyon ki akseptab yo pou ede konsomatè yo decide kiyès moun nan fanmi yo ki ka gen estati imigrasyon k ap kalifye pou li aplike pou kouvèti asirans sante a.
- Asistan yo dwe evite kesyon ki pa nesèsè yo, sitou kesyon sou estati imigrasyon konsomatè ki pa aplike pou kouvèti asirans sante yo epi k ap viv nan menm kay ak moun ki gen estati imigrasyon melanje. Lè w poze kesyon ki pa nesèsè konsènan estati imigrasyon fanmi ki pa aplikan oswa moun ki nan kay la, ou vyole Tit VI Lwa sou Dwa Sivil oswa Seksyon 1557 Lwa sou Swen Abòdab.
- Asistan yo dwe evite itilize mo tankou "san papyè," "pa gen otorizasyon," oswa "illegal." Olye pou fè sa bay fèy enfòmasyon ak lòt materyèl ki dekri estati imigrasyon moun k ap viv nan peyi a legalman. Asire ke materyèl yo nan yon lang konsomatè yo ka konprann.
- Yo dwe prepare asistan yo pou yo refere konsomatè yo bay avoka imigrasyon san bi likratif pou ede konsomatè ki pa sèten si yo gen estati imigrasyon ki kalifye oswa pou ede yo jwenn dokiman imigrasyon si yo pa ka genyen yo disponib fasilman.

## **Konsèy pou Ede Imigran yo pandan Pwosesis Enskripsyon an**

Egzijans legal sa yo ak pi bon pratik yo rekòmande yo ka ede asistan yo pale ak konsomatè imigran k ap chèche kouvèti asirans sante pou tèt yo oswa nan non yon lòt moun.

- Asistan yo dwe kòmanse nan bay konsomatè yo ki imigran yo mesaj pou rasire yo sou vi prive yo ak konfidansyalite, espesyalman sou sitwayènte yo oswa estati imigrasyon yo ak nimewo sekirite sosyal li (Social Security Numbers, SSNs). Fè konsomatè yo konnen ajans gouvènman yo p ap itilize enfòmasyon yo bay yo pou fè moun aplike lalwa oswa reglèman imigrasyon yo.
- Epitou, asistan yo dwe idantifye kòrèkteman konsomatè a (yo) k ap aplike pou kouvèti asirans sante pandan y ap mande yo si y ap chèche kouvèti asirans sante pou tèt yo oswa nan non yon lòt moun.
- Lè sa posib, asistan yo dwe bay konsomatè yo enfòmasyon nan yon langaj ki klè. Poutan, anpil regleman imigrasyon yo konplèks epi yo ka difisil pou eksplike avèk presizyon nan yon langaj ki klè. Nan ka sa yo, asistan yo dwe bay enfòmasyon egzak yo ak limit epi refere konsomatè yo bay ekspè deyò yo pou yo jwenn plis konsèy.
- Enfòmasyon asistan yo pataje ak konsomatè LEP yo dwe toujou atan epi aksesib. Pou fè sa, asistan yo ka oblije bay konsomatè LEP yo tradiksyon ekri gratis ak sèvis entèpretasyon oral.

- Asistan yo dwe rele Marketplace si konsomatè yo pale lòt lang ki pa anglè epi si yo ta renmen jwenn èd pèsònèl nan lòt lang nan 1-800-318-2596. Eksplike konsomatè yo Marketplace la bay asistans nan lòt lang gratis. Dirije konsomatè yo nan [Jwenn èd lokal](#) sou HealthCare.gov pou chèche òganizasyon asistan an pèsòn ki ofri èd nan lòt lang ki pa Anglè.
- Asistan yo dwe ede konsomatè yo idantifye ki dokiman yo dwe pote avèk yo nan yon randevou lè konsomatè yo rele pou pran yon randevou. Asistan yo kapab tou bay depliyàn, bwochi, oswa lòt feyè ki eksplike ki dokiman y ap bezwen pou yo enskri pandan evènman sansibilizasyon yo. Pou jwenn lis dokiman akseptab yo, ale sou [HealthCare.gov/immigrants/documentation](https://www.healthcare.gov/immigrants/documentation).

## Konsèy pou Jere defi Kalifikasyon ak Enskripsyon

Pi bon pratik sa yo ka ede asistan yo travay pou leve defi pwosesis kalifikasyon ak enskripsyon an. Lè y ap ede konsomatè imigran yo aplike pou kouvèti asirans, asistan yo dwe:

- Abitye ak diferan sous revni komen pou kèk konsomatè imigran, tankou travayè sezonye ki pa gen revni fiks, revni etranje, oswa revni biznis endepandan. Diferan kalite revni sa yo ka afekte kalifikasyon pou pwogram asirans abòdab yo ki diminye depans kouvèti asirans sante yo.
- Sonje byen ARP fè asistans pou kredi taks prim lan bay plis avantaj pou pifò moun k ap ranpli taks ki resevwa oswa ki gen apwobasyon pou resevwa konpansasyon pou chomaj pandan (1) yon semèn apati 2021. Konsomatè yo dwe sètifye yo te resevwa oswa yo gen apwobasyon pou yo resevwa konpansasyon pou chomaj nan nenpòt semèn ki kòmanse pandan 2021 an epi yo dwe respekte lòt egzijans kalifikasyon APTC. Konsomatè ki respekte kritè yo pral kalifye tou pou CSRs. Dispozisyon sa a aplike sèlman pou ane planifikasyon 2021 an.
- Ankouraje konsomatè yo mete tout enfòmasyon imigrasyon yo mande sou aplikasyon sou entènèt la (pa egzanzp, tip dokiman ak nimewo). Sa pral ogmante chans pou yo verifye estati imigrasyon ak estati sitwayènte konsomatè yo avèk siksè.
- Ou dwe konnen konsomatè yo ka pa konnen si yo bezwen gen yon kont imèl pou yo enskri sou entènèt. Asistan yo ka bezwen bay plis tan pou yo travay ak konsomatè yo pou yo kreye kont imèl yo. Konsomatè yo ka enskri tou nan telefòn lè yo rele Marketplace nan 1-800-318-2596.

## Prè v idantite (ID)

- Prepare w pou ede konsomatè yo ak pwosesis prè v idantite a, paske imigran yo gen mwens chans pou yo gen istwa kredi y ap bezwen an pou prè v idantite. Pou ede konsomatè yo prepare pou pwosesis prè v idantite a, refere yo nan [Verifye Idantite w: Prè v idantite nan Marketplace](#). Enfòmasyon konsomatè yo CMS verifye aplikasyon konsomatè yo avèk Experian, kidonk, yo ka wè yon ankèt CMS lè yo tcheke nòt kredi yo, men ankèt la pa afekte nòt kredi konsomatè yo.
- Eksplòre lòt pwogram swen sante nan eta w la ki ta ka bay sèvis pou konsomatè ki p ap viv legalman Ozetazini.

## Pwoblèm done ki pa Koresponn yo

- Prepare w pou ede konsomatè yo avèk DMI. Asistan yo dwe ankouraje konsomatè yo li avi sou kalifikasyon yo ak anpil atansyon, ansanm ak nenpòt avi rapèl yo resewa, yon fason pou yo asire yo soumèt enfòmasyon kòrèk pou manm gwoup enskripsyon ki kòrèk la. Konsomatè yo kapab detèmine tou si yo gen yon pwoblèm DMI ki ponkò rezoud pandan y ap tcheke kont Marketplace yo, kote yo pral jwenn yon lis tout pwoblèm enkonsistans ki ponkò rezoud yo nan ""Detay sou Aplikasyon an". Konsomatè ki gen kesyon sou estati dokiman yo te soumèt nan Marketplace la ta dwe rele Sant Apèl Marketplace la.
- Sonje byen:
  - Aplikasyon Marketplace gouvènman federal la fasilite (Federally Facilitated Marketplace, FFM) pou mache endividyèl la egzije sèlman kèk enfòmasyon ki soti nan dokiman sa yo – se pa dokiman yo poukont yo – sof si yo pa kapab verifye enfòmasyon konsomatè yo. Yo ka itilize dokiman elektwonik oswa papyè otantik.
  - Si enfòmasyon konsomatè yo pa ka verifye (epi si yo rankontre yon DMI), anjeneral, konsomatè yo gen 90 oswa 95 jou pou bay dokiman sipò yo. Yo ka mete dokiman yo sou kont yo sou entènèt oswa voye kopi dokiman yo bay FFM atravè imèl. Pandan tan sa a, yon lòt kote, aplikan ki kalifye yo enskri nan pwogram yo sanble kalifye pou li a dapre enfòmasyon aplikan an (yo) te bay.

## Senaryo sou Kalifikasyon Konsomatè Imigran

**Remak:** Sa a se yon egzanp ipotetik. Nou pa itilize non reyèl aplikan yo nan senaryo sa a.

Eva ak Adan Santos ap viv nan eta Colorado. Yo toulede gen 28 ane, yo marye, epi yo gen yon timoun yon (1) lane, Serena, ki fèt Ozetazini. Adan vin yon sitwayen ameriken ane sa a. Adan te soumèt yon petyasyon pou Rezidans Pèmanan Legal sou non Eva yo te apwouve nan mwa mas 2021. Eva te resevwa kat rezidans li de (2) ane de sa a epi li ansent senk (5) mwa. Revni anyèl lakay li se \$24,000, oswa 111 pousan nan FPL la pou yon kay twa (3) moun. Adan ak Eva te ranpli taks ansanm epi yo te mete Serena sou kont yo. Eva apwoche yon asistan pou ede tout fanmi li enskri nan kouvèti asirans sante, men li pa sèten si yo tout kalifye.

Ki sa ki pral detèmine kondisyon kalifikasyon yo pou moun lakay Santos? Èske Adan, Eva ak Serena ap kapab enskri pou menm kalite kouvèti asirans?

- **Repons:** Adan, Eva, ak Serena gendwa pa kapab enskri nan menm kalite kouvèti asirans paske estati sitwayènte ak estati imigrasyon yo diferan. Epiou, kalifikasyon pou enskripsyon yo ka depannde si y ap viv nan yon eta ki elaji kouvèti asirans Medicaid. Sa ki pral detèmine kondisyon kalifikasyon yo pou moun lakay Santos yo ta dwe bagay sa yo:
  - **Adan:** Paske li se yon sitwayen ameriken, Adan gen anpil chans pou li kalifye pou enskri nan yon Plan Asirans Sante kalifye (Qualified Health Plan, QHP) atravè Marketplace, epi li ka kalifye pou Medicaid. Poutèt eta kote Adan soti a, Colorado, elaji Medicaid jiska 138 pousan nan FPL, revni Adan kalifye li pou kouvèti asirans Medicaid. Paske Adan ap viv nan yon eta kote yo elaji Medicaid, li pa kalifye pou APTC oswa CSR atravè Marketplace. Si Adan t ap viv nan yon eta kote yo pa elaji Medicaid epi si li enskri nan kouvèti asirans atravè Marketplace, li ta ka gen chans kalifye pou APTC ak CSR atravè Marketplace la.
  - **Eva:** Yo konsidere Eva ap viv nan peyi a legalman epi " li pa sitwayen ameriken ki kalifye" pou rezon kalifikasyon Medicaid, men li ponkò respekte peryòd datant senk (5) ane a. Epoutan, poutèt Eva ap viv Colorado, li kalifye pou Medicaid; Colorado se yon eta ki chwazi opsyon CHIPRA 214 la epi se poutèt sa li ofri kouvèti asirans Medicaid/CHIP pou fanm ansent k ap viv nan peyi a legalman, tankou sa yo ki gentan gen estati imigrasyon kalifye yo nan senk (5) premye ane yo.
  - **Serena:** Poutèt Serena fèt Ozetazini, li se yon sitwayen ameriken epi li kalifye pou kouvèti asirans Medicaid; yon lòt bò, si li respekte kritè kalifikasyon yo nan eta a.

## Lèt Resous

- HealthCare.gov: Kouvèti Asirans Sante pou Imigran yo nan [HealthCare.gov/what-do-immigrant-families-need-to-know](https://www.healthcare.gov/what-do-immigrant-families-need-to-know)
- Lèt CMS State Health Official (SHO) konsènan: Kalifikasyon Medicaid pou Migran COFA, yo voye lèt sa a 18 oktòb 2021: [Medicaid.gov/federal-policy-guidance/downloads/sho21005.pdf](https://www.medicaid.gov/federal-policy-guidance/downloads/sho21005.pdf)
- Lèt CMS SHO konsènan: Kouvèti asirans Medicaid ak CHIP pou timoun ak fanm ansent "k ap viv legalman nan peyi a", yo voye lèt sa a 1 jiyè 2010: [Medicaid.gov/federal-policy-guidance/downloads/SHO10006.pdf](https://www.medicaid.gov/federal-policy-guidance/downloads/SHO10006.pdf)
- Ale nan ti liv enfòmasyon sou opsyon kouvèti asirans sante pou moun k ap evakye Afgan yo: [Medicaid.gov/medicaid/eligibility/downloads/hlth-cov-option-afghan-evac-fact-sheet.pdf](https://www.medicaid.gov/medicaid/eligibility/downloads/hlth-cov-option-afghan-evac-fact-sheet.pdf)
- [Medicaid.gov](https://www.Medicaid.gov)

---

<sup>i</sup> Health Insurance Marketplace<sup>®</sup> se yon mak sèvis ki anrejistre nan Depatman Sante ak Sèvis Imen peyi Etazini (the U.S. Department of Health and Human Services).

<sup>ii</sup> Seksyon 403 lwa sou rekonsilyasyon responsablite pèsonèl ak opòtinite travay (the Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act, PRWORA) (8 USC § 1613(a)).

<sup>iii</sup> Al gade 8 USC § 1613(b).

<sup>iv</sup> Ale nan ti liv enfòmasyon sou opsyon kouvèti asirans sante pou moun ki evakye Afgan yo (yo pibliye li nan dat 1ye Novanm 2021 ), li disponib nan [Medicaid.gov/medicaid/eligibility/downloads/hlth-cov-option-afghan-evac-fact-sheet.pdf](https://www.Medicaid.gov/medicaid/eligibility/downloads/hlth-cov-option-afghan-evac-fact-sheet.pdf)

<sup>v</sup> Modifikasyon nan kèk kouvèti asirans dapre Seksyon 9812 Lwa ARP sou Medicaid ak CHIP pou fanm ansent ak fanm ki fin akouche. [BILLS-117hr1319enr.pdf \(congress.gov\)](https://www.congress.gov/bills/117/hr/1319/enr/pdf)

<sup>vi</sup> 8 U.S.C § 1611(b)(1)(A)

